

# **LAGU DOLANAN BOCAH**

## **SLUKU-SLUKU BATHOK**

Sluku-sluku bathok  
Bathoke ela-elo  
Si Rama menyang Sala  
Leh-olehe payung motha  
Mak jenthit lolo lobah  
Wong mati ora obah  
Yen obah medeni bocah  
Yen urip goleka dhuwit.

## **LIR-ILIR**

Lir-ilir, lir-ilir  
Tandure wus sumilir  
Dak ijo royo-royo  
Dak sengguh temanten anyar  
Cah angon, cah angon  
Penekna blimbing kuwi  
Lunyu-lunyu penekna  
Kanggo mbasuh dodotira  
Dodotira, dodotira  
Kumitir bedhah ing pinggir  
Dandamana, jlumatana  
Kanggo seba mengko sore  
Mumpung padhang rembulane  
Mumpung jembar kalangane  
Ya suraka, surak horee!!

## **PADHANG MBULAN**

Yo pra kanca dolanan ing njaba  
Padhang mbulan padhange kaya rina  
Rembulane kang ngawe-awe  
Ngelikake aja turu sore-sore

## **JARANAN**

Jaranan, jaranan  
Jarane, jaran teji  
Sing numpak ndara bei  
Sing ngiring para mentri  
Jeg-jeg nong, jeg-jeg gung  
Jeg-jeg nong, jeg-jeg gung  
Jeg-jeg, gedebug krincing  
Gedebuk krincing, gedebung krincing  
Jeg-jeg, gedebug jedher.

## **MENTHOG-MENTHOG**

Menthog, menthog, dak kandhani  
Mung lakumu angisin-isini  
Mbok ya aja ngetok  
Ana kandhang wae  
Enak-enak ngorok  
Ora nyambut gawe  
Menthog-menthog, mung lakumu  
Megal-megol gawe guyu.

## **GUNDHUL-GUNDHUL PACUL**

Gundhul-gundhul pacul, cul,.. gembelengan  
Nyunggi-nyunggi wakul, kul.. gembelengan  
Wakul ngglimpang, segane dadi sak ratan  
Wakul ngglimpang, segane dadi sak ratan.

## **CUBLAK-CUBLAK SUWENG**

Cublak-cublak suweng  
Suwenge ting gelenter  
Mambu katundhung gudel  
Pak empong lera-leru  
Sapa ngguhu ndhelikake  
Sir-sir pong dhele kopong  
Sir-sir pong dhele kopong.

## **JAMURAN**

Jamuran, ya gegethok  
Jamur apa, ya gegethok  
Jamur gajih mbejjijih sak ara-ara  
Sira mbadhe jamur apa?

... (senggakan)

Jamuran, ya gegethok  
Jamur apa, ya gegethok  
Jamur gajih mbejjijih sak ara-ara  
Sira mbadhe jamur apa?

## **SEPURAN**

Sinten numpak sepur lunga nyang Kediri  
Wong nike sepur dhur, bayare setali  
Sapa trima mbonceng, konangan kondhektur  
Yen didhendha kenceng, napa mboten kojur  
Sinten numpak sepur lunga dhateng Nganjuk  
Sinten pengin makmur, aja seneng umuk.

## **BUTA GALAK**

Buta, buta galak, solahe lunjak-lunjak  
Ngadeg jingkrak-jingkrak, nungkak kanca nuli nandhak  
Bali ngadeg maneh, rupane ting celoneh  
Iku buron apa, dak sengguh buron kang aneh  
Lha wong kowe, we, we, sing marah-marahi  
Lha wong kowe, we, we, sing marah-marahi  
Gawemu sok ngono, hi, hi aku wedi  
Ayo kanca ngajak bali  
Galo kae, galo kae, mripate plerak-plerok, rok, rok, rok, rok  
Kulite ambengerok, rok, rok, rok, rok...  
Ya kulite, ambengerokk....

## **SUWE ORA JAMU**

Suwe ora jamu, jamu godhong tela  
Suwe ora ketemu, ketemu pisan aja gela  
Suwe ora jamu, jamu godhong kenikir  
Suwe ora ketemu, ketemu pisan dadi pikir